# МӘНАЎИЙ АҒАРТЫЎШЫЛЫҚТА БАҚСЫШЫЛЫҚ ЖАНРЫНЫҢ ПАЙДА БОЛЫЎЫ

**Нуратдинова Л.Т.**

*Қарақалпақстан радио каналы аға редакторы*

**Турсынбаева А.**

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети, Нөкис*

**Аннотация:** Қарақалпақстан радиосы пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўи басқышларында биринши диктор, дәслепки миллий музыка көркем өнеринде «бақсы»шылық сазгерлери «хаўадан» саз-сәўбет-йош, мәнаўийлик жаңланыў берген, кеңес дәўириниң неоэфиринде – мәдений-ағартыўшылық сағасында кимлер болғаны ҳаққында жаңа мағлыўматлар берилген.

XX әсирдиң 20-30 жыллары Кеңес (совет) радио еситтириўи-Қарақалпақстан автономиялы областына, соңынан Қарақалпақстан АССР статусына ийе болған да, Кеңеслик радио комитеттиң шөлкемлестириў (1931жыл) менен үлкемизде миллий радио еситтириў дәстүри турақлы болған.

«Тарийхта қалған» – мәдений күн. Қарақалпақ Автономиялы областының областлық кәсипшилер кеңес саўда хызметкерлери (Обл СПС) қараслы «радио еситтириў бюросы» шөлкемлестириўинде биринши мәртебе ана тилде «ҳаўадан сөз» ҳәм «ҳаўадан қосық» – музыкалар еситтириў болған еди.

1929-жылы 22-августта Төрткүлде базар майданында орнатылған үлкен «қарақалпақ»лы радиодан ҚҚАО – областлық профсоюз шөлкеми тәрепинен «радио ҳәўескерлер» дөгереги ағзалары қатнасыўында дәслепки мәртебе өзбек ҳәм қарақалпақ тилинде еситтириў болған. Базардағы базаршылар, аламанлар, бурын «жаршы» даўысын еситип ҳәм жүзин көрген болса, енди «ҳаўадан» еситилген жанға жағымлы қосықлар «Советлик модернизация үлгиси», «большой»лар жаңалықларын еситип таң қалған? Олар-базаршылар даўысы таныс бақсылардың нама-қосықлары ҳәм жыраўшылық музыка көркем өнеринен – толғаўлар ҳәм сазенде-бақсылар «ҳаўа»дан лиро-эпикалық нама-қосыкларды еситип, өзге дүньяға киргендей болады. Төрткүл радио еситтириўинде биринши диктор – Майнур Бабажан кызы (Хожаниязова) болды.

1928-1930 жыллары ол Ташкент қаласында юридика техникумның талабасы (студенти) болған. Ол жазғы каникул айлары Төрткүл қаласында «өзбек драм-кружокта» ойнаған ҳәм радио ҳәўескерде диктор болып қатнасқан («Совет Қарақалпақстаны», 1-июнь, 1965-жыл), «Коммунизм ғалабасы», 19-октябрь, 1968-жыл). Қарақалпақстан радиосы тарийхтаныўда Майнурдың орны ҳәм үлеси ҳаққында жазылды [Юсупов О.Ж., 1992].

1931-1932-жыллары Ташкент қаласында қарақалпақ студент жаслары «Мийнет» атамасында қарақалпақ тилинде «радио-газета» шөлкемлестирген,

олар сиясий-жәмийетлик хабарлар ҳәм музыкалық кеўил ашар – саз-сәўбетлер берип барған. Қарақалпақ жаслары, бақсы-сәзенделер радиодан «Бозатаў», «Ақсүнғил» нама-қосыкларды тез-тез айтып, елге деген сағыныш-дебдиўлерин шығарған.

Қарақалпақстан автономиялы областлық радио еситтириўде дәслепки «музыка» еситтириў тараўда кеўил ашар – саз-сәўбет бағдарында бирнеше интеллектуаль талантлы – бүлбил ҳаўазлы бақсылар ҳәм жыраўлар болған. Олар 1927-жылы ҚҚАО «Обл ОНО» қасында шөлкемлестирилген қарақалпак «миллий труппа», соңынан «миллий театр» да сазендешилик хызметлер иследи, Олар ҚҚАО кәсипшилер қасындағы «радио бюро» ҳәўескерлер жәмийетинде «миллий радио» да ҳаўадан мәнаўият тараткан-сазгерлер болды. Каракалпак радиосының дәслепки сазгер-бақсысы – Ибрайым Патулла улы (1909-1967). Оның Руўхыйлық дереги –«Шоқтораңғыл» елаты болған. Олардың бири – өзлик ата-журты «Шоқтораңғыл» елатта әкеси – Қазаяқлы Пәтулла Шербай (Сарбай) улы, өзи өзге ана мәкан (дайы журтта) «Таза Әмирабад» аўылда Ибрайым Патулла улы 1909-жылы туўылған. Ол Жуман бақсыға шәкирт болып, бақсышылық сырларын ҳәм лиро-эпикалық дәстан намаларын үйренген [Айымбетов Қ., 1968].

Ол устазы үйреткен «Юсуп-Ахмет», «Саятхан-Ҳәмире», «Ғәрип-ашық» қусаған лиро-эпикалық қосық–намаларды радиодан–мыңлар аудиториясы әлҳаўаға шығарған еди. Ол Ташкент қаласында «Музыка техникум» ында оқыды, миллий радиода 1–санлы музыка-сазгер баслық болған. Ол Москва қаласында бақсышылық ҳаўазын грампластинкаға жаздырды. Москвалы музыка қәнийгелери оның айткан қосықлары ҳәм ҳаўазы айрықша ҳәм өзгеше екенин жоқары баҳалаған. Ол –радио-музыкант-сазгер, жәмийетшилик партия ҳәм кеңес ҳүкимети басшыларының қоллап қуўатлаўы менен Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Кеңеске депутат-ардақлаўда болды. Ибрайым бақсы Патулла улы устазы атаклы Жуман бақсы – «солақай бақсы» лақабы болған. Ол устазынан жаңа вариантлар: «Ғәрип-Ашық-Шахсәнем», «Саятхан-Ҳәмире», «Юсупбек» дәстанларынан қосық намаларды шебер сазгерликте шертиў, бүлбил ҳаўазда айтыўды үйренген. Арал дияры-титуль этнос қарақалпақ халқының– (этно фольклорлық) –материаллык емес мәдений мийраслары илиҳий сазлы косықлары – булар – Ақымбет сазгер-бақсы, Муўса бақсы-сазгер, Бердақ бақсы-сазгер, Мола Зийўар сазгер-шайыр ҳәм басқада интеллектуаль бақсылар аткарған намалары: «Дем бермес», «Саналы келди», «Ғулпақ», «Адыңнан», «Пахай-Пахай!!!», «Мухаллес», «Бес перде», «Тарлан», «Нигарым», «Сәўдигим», «Беглер» намаларын үйренген, биргеликте атқарған.

Ибрайым бақсы-сазгер өзиниң устазы-кәсиплеслери менен қарақалпақ радиосында «музыкалық» редакцияда бақсышылық намаларда аткарыў ҳәм еситтириўде хызмет еткен еди.

Ол екинши жер жүзлик урыс жыллары –үлкемизге эвакуацияда келген сазгерлер: профессор В.Г.Шафранников ҳәм профессор Г.И.Каменец пенен бирге қарақалпақ намаларынан «Яша Пәри!», «Ақ Қалқан», «Тарлан» қосық намаларын нотаға жазыўға, мәңгилестириўге, дүньялық музыка әлемине жеткериўге қатнасып, аткарып берди. Қарақалпақ музыкасы тарийхында орны ҳәм хызметлери үлкен, бақсы-сазгер мәнаўият ағартыўшы –Жапақ Шамуратов Төрткүлде қарақалпақ радиосында (1933-жыл) бақсы-музыкант-артист болып дөретиўшилик өнерин раўажландырды. Ол Москвада қарақалпақ халық намаларын грамзаписке алдырды ҳәм елге жаңа тараған «патефон» лар арқалы ҳаўазлары жаңлады [Мақсетов Қ., 1983. – 130 б].

Қарақалпақ радиосында миллий мәнаўият булағы –руўхый мийрас булағын үгит нәсиятлаўшылардың бири – Айтжан бақсы-сазгер Хожалепес улы. Шериўши Хожалепес «қусшы» лақабта, Шериўши Фазылбий улы Әдилбий, аталық ҳәм оның улы Ибрайым болыс пенен шериўши Ерполат «кепе»-жыраў Рәмберген улы (1861-1936) менен ағайиншилик қатнасықларда болған. Ол «Дәўқара» (Тахтакөпир) аймағы «Шегир көл» елатында туўылган. Онын устазы Қаражан бақсы Қабул улы болған [Айымбетов Қ., 1968. – 142 б]. Ол Бердақ бақсы-сазгер ҳәм шайырдың қызы Ҳүрлиман «Бақсы қыздың» баласы. Айтжан бақсы сәзенделик кәсипти дәслеп миллий театрда, соң Қарақалпақ радиосында «музыка» редакциясында, бақсышылық хызмет етиў менен раўажландырды. Ол профессор Каменец пенен бирге халык намаларын нотаға тусириў, магнит лентасына жаздырыўда урыс жыллары күн-түн пидайылықта жумыс ислеген. Айтжан бақсы атқарған қосық намаларды сонынан профессор Шафранников жаңалап, жәҳән ҳәм Россия илимий музыка жәмийетшилигине кең таныстырды. Ол Ақымбет бақсы-сазгерден «нусқа» намалар атқарған. «Ҳай-гел-әй!», «Еденбай бақсы», «Бейиш», «Перизат», «Муўса намасы», «Қызлар намасы», «Гел-гел-әй», «Дағ–әлиңнен», «Келте-налыш», «Кеўлим», «Бийбижан», «Жаманшығанақ», «Мухаллес», «Жеңгежан», «Бийкеш», «Теке налыш», «Назлым», «Кеўишим», «Қыз Минайым», «Бес перде», «Жети асырым», «Көзлерим», «Болмаса», «Адыңнан», «Жайлаўым», «Хожа бала намасы», «Нигарым», «Не болды ярым келмеди», «Айсултан», «Қара көз» қосық намалары ҳәм сазлары жазып алынды, нотаға түсирилди. Жәҳән музыкасы мәдениятында «Қарақалпақ музыкасы»ның үлгилери сыпатында орын алды. Әлбетте, бул үлкен мақтаныш, бийбаҳа мийрас.

Қарақалпақ халық музыка көркем өнерин граммофон пластинкаға жазып алыў тарийхына-бир нәзер. 1925-1926-жыллары ҚҚАО «исполком» баслығы

Қасым Әўезов Москваға барғанда, қәнийгелер илтимасына, йошлы, илаҳий ҳаўазда дуўтар шертип, мәнаўият символы – «Бозатаў», нәзиклик тымсалы «Аксүңгил» ҳ.т.б. бир қанша нама-қосықларды айтқан, жаздыртқан еди [Юсупов О.Ж., 1998.]. Каменец Москва қаласында профессор В.В.Пасхалов тәрепинен фонограф усылда жолдас Қасым Әўезовтың атқарыўында «Бозатаў», «Ақсүңгил», «Қош жигит», «Тақыя», «Жаўмыттан қорққанда» ҳәм басқа да нама-қосықларды атқарып берген [ЦГА России фонд: 1235, опись 121. Дело 344. – с.207].

1936-жылы қарақалпак бақсы-сазгерлер: Жапак бақсы Шамуратов, Ибрайым бақсы Патуллаев, Айтжан бақсы Хожалепесов атқарған музыкалар граммофонға жазып алынған («Советская Каракалпакия», 1936, 11-апрелья, 18-мая,27-мая). Қарақалпақ музыка бақсышылық көркем өнерин пүткил Орта Азия эфирде тыңлаған еди.

Жуўмақ: Қарақалпақстан радиосы тарийхында–музыка көркем өнеринде–бақсышылық жанрды, мәдений-ағартыўшылық дәстүрди қәлиплестирген интеллектуаль зиялылар: Ибрайым бақсы, Жапақ бақсы, Қурбанбай жыраў, Қыяс жыраў, Ешмурат гәррекши, Айтжан бақсы, Ещан бақсы Қосполат улы ҳәм басқалар «ҳаўа» дан мәнаўият берген – «сөнбес жулдызлар» болып қалады.

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Айымбетов Қ. Халык даналығы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1968.
2. Мақсетов Қ. Қарақалпақ жыраў-бақсылары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1983.
3. Камалов С., Германова В. «Москва-Каракалпакстан» // История шефства Дзержинского района столицы над автономной республикой. Историко-публицистический очерк. – Нукус, 1986. – с. 108-111.
4. Юсупов О.Ж. «Қайдасыз Майнур?» // «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 1992. 7-май.
5. Юсупов О.Ж. «Бозатаў» ды Москвада ким айтыпты? // «Совет Қарақалпақстаны» газетасы, 1988. 27-сентябрь.